Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң

Ш Е Ш И М И

« 8 » -январь « 2018 » -жыл **32/85-сан**

Қараөзек районының 2018-жылғы бюджет параметрлерин тастыйықлаў ҳаққында.

Өзбекистан Республикасы Бюджет кодекси ("Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2013 йил 31 декабрь, 52-(I)-сон)ниң 28-статьясы, Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 29-декабрьдеги "Өзбекистан Республикасының Мәмлекетлик бюджетиниң 2018-жылға мөлшерленген макроэкономикалық көрсеткишлери ҳаққында"ғы ПҚ-3454-санлы қарары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессия қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, Қараөзек районы жергиликли бюджетиниң 2017-жылғы дәрамат ҳәм қәрежетлери бойынша тийкарғы көрсеткишлериниң орынланыўы ҳәмде 2018-жылғы белгиленген тийкарғы параметрлерин қарап шығып, Қарақалпақстан Республикасы "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында"ғы Нызамының 5 ҳәм 21-статьясына тийкар Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңеси

Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :

1. Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 29-декабрьдеги "Өзбекистан Республикасының Мәмлекетлик бюджетиниң 2018-жылға мөлшерленген макроэкономикалық көрсеткишлери ҳаққында"ғы ПҚ-3454-санлы қарары ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2017-жыл 30-декабрь күнги 161/XIX-санлы сессия қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2.Қараөзек районы жергиликли бюджетиниң 2017-жылғы дәрамат ҳәм қәрежетлер бөлегиниң тийкарғы көрсеткишлериниң орынланыўы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3.Қараөзек районының 2018-жылға мөлшерленген жергиликли бюджетиниң дәраматлар, бюджет трансфертлары бөлеги 1-қосымшаға, қәрежетлер бойынша тийкарғы көрсеткишлери 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4.Қараөзек районы Финанс бөлимине белгиленген тәртипте тийисли жергиликли бюджетлерге қәрежетлер ҳәм бюджет ссудалары (дәрамат ҳәм қәрежетлер арасындағы ўақтыншалық касса айырмашылықларды қаплаў ушын) ажыратыўда, олардың муғдарларын район бойынша барлық салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң толық түсиўинен, сондай-ақ, ис ҳақы (жеке социаллық төлем менен), напақалар ҳәм оларға теңлестирилген төлемлер бойынша бюджет қәрежетлери биринши нәўбетте сөзсиз қаржыландырылыўы зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда анықластырыў ҳуқықы берилсин.

5.Қараөзек районы ҳәкиминиң экономикалық ҳәм исбилерменликти раўажландырыўы мәселелери бойынша биринши орынбасары (Б.Ильясов) тийисли мәкеме басшылары менен биргеликте:

бюджет дәраматларының тастыйықланған көрсеткишлериниң орынланыўын тәмийинлеў;

район ҳәкимлигиниң тийисли бюджетлер дәраматлары ҳәм кәрежетлери балансына тәсир көрсетиўши норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди финанслық ҳәм экономикалық экспертизадан өткериў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Финанс Министрлигине усынып барыў;

аймақларда салық салыў базасын кеңейттиў ҳәмде финанслық жағдайын жақсылаў бойынша зәрүр илаҳлар көриў;

бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы үстинен қатаң қадағалаў жүргизсин.

6.Районлық Мәмлекетлик салық инспекциясы (М.Толыбаев) район жергиликли бюджетиниң дәраматлар бөлегин салық түрлери бойынша асырып барылыўын тәмийинлесин.

7.Қараөзек районлық Финанс бөлими (Д.Пирниязова)не:

- республикамызда 2018-жылдың «Белсенди исбилерменлик, инновациялық идеяларды ҳәм технологияларды қоллап-қуўатлаў жылы» деп жәрияланыўы мүнәсибети менен Қараөзек районы жергиликли бюджетиниң 2018-жыл даўамында жергиликли бюджет кәрежетлериниң қысқарыўы нәтийжесинде пайда болған қосымша қаржылар дереги есабынан районның социаллық-экономикалық раўажландырыў барысындағы ис-илаҳларды әмелге асырыў ушын зәрүр өзгерислер киритип барыў;

- бюджеттен қаржы алыўшылардың бюджеттен қаржы менен тәмийинлеўдиң тийкарлылығын терең анализ қылып барыў;

- зәрүр жағдайда бюджет қаржыларынан сақланыўы тийкарсыз деп табылған ҳәм бюджет қаржыларының мақсетсиз жумсалыў жағдайлары пайда болған бюджет мәкемелерин қысқарттырыў мәселелери бойынша район ҳәкимлигине ҳәм тийисли басқармаларға усыныс киритиў;

- Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесине жергиликли бюджеттиң орынланыўы бойынша ҳәр шеректе есабат киритип барыў;

- район Ғазнашылық бөлимшеси менен биргеликте бюджет қаржыларының мақсетли жумсалыўы ҳәмде олардың мақсетсиз жумсалыўының алдын алыў үстинен ғазнашылық орынланыўы дизими арқалы қатаң қадағалаўға алыў тапсырылсын.

8.Шешим районлық «Мийнет байрағы» газетасында ҳәмде ҳәкимликтиң веб сайтында жәриялансын.

9.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Халық депутатлары Қараөзек районлық Кеңесиниң Жергиликли бюджет, экономикалық реформаларды әмелге асырыў ҳәм исбилерменликти раўажландырыў мәселелери бойынша турақлы комиссиясына тапсырылсын.

10.Шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Халық депутатлары
Қараөзек районлық Кеңесиниң баслығы: **Д.Утемуратов**

KO'SHIMCHA DURUS

Халық Депутатлары Қараөзек районлық
Кенесинин отыз екинши сессиясының
2018-жыл "8" -январь күнги
32/85- санлы шешимине
1-қосымша

Қараөзек районының жергиликли бюджетиниң 2018-жылғы тийкарғы көрсеткишлери

№	Көрсеткишлер	Мың сўм
	I. Дәраматлар ҳәммеси	**45 734 940,0**
1.	**Туўры салықлар**	**7 959 900,0**
1.1	Юридикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат (пайда) салығы	112 700,0
1.2	Саўда ҳәм жәмийетлик аўқатланыў кәрханалары ушын бирден бир салық төлеминен мәмлекет бюджетине ажыратпалар	570 200,0
1.3	Бирден-бир салық төлеминен мәмлекет бюджетине ажыратпалар, соның ишинде киши кәрхана ҳәм микрофирмалар бойынша	2 328 000,0
1.4	Физикалық тәреплерден алынатуғын дәрамат (пайда) салығы	4 467 000,0
1.5	Юридикалық ҳәм физикалық тәреплерден исбилерменликтиң айырым түрлери бойынша алынатуғын қатаң (фиксированный) белгиленген салық	482 000,0
1.6	Абаданластырыў ҳәм социаллық инфраструктураның раўажланыўынан алынатуғын салық	
2.	**Жанапай салықлар**	**2 510 600,0**
2.1	Қосымша қун салығы	1 474 300,0
2.2	Акциз салығы	
2.3	Физикалық тәреплерден транспорт қураллары ушын бензин, дизель жанылғы ҳәм газ ислеткени ушын алынатуғын салық	1 036 300,0
3.	**Ресурс төлемлери ҳәм мал-мүлк салығы**	**1 664 400,0**

3.1	Мал-мүлк салығы	1 007 100,0
3.2	Жер салығы	645 100,0
3.3	Суў ресурсларынан пайдаланғанлық ушын салық	12 200,0
	Жер асты байлықларынан пайдаланғанлық ушын салық	568 600,0
4.	Мәмлекетлик бажы	307 300,0
5.	Жәриймалар	423 100,0
6.	ӨзР ИИМ Жол ҳәрекети қәўипсизлиги Бас басқармасы ҳәм оның территориялық бөлимлери тәрепинен өндирилетуғын жыйымлар	11 500,0
7.	Базарлар дәраматынан түсим	190 400,0
8.	Жергиликли жыйымлар	171 800,0
9.	**Басқа дәраматлар**	92 400,0
	Жергиликли бюджетке өткерилетуғын дәраматлар	31 834 900,0

Халық Депутатлары Қараөзек районлық
Кенесиниң отыз екинши сессиясының
2018-жыл "8"-январь күнги
32/85-санлы шешимине
2-қосымша

Қараөзек районының жергиликли бюджетиниң 2018-жылғы тийкарғы көрсеткишлери

№	Көрсеткишлер	Мың сўм
	Қәрежетлер жәми:	**45 734 940,0**
1.	**Социаллық тараў хәм халықтың социаллық қоллап қуўатлаў ушын қәрежетлер жәми:**	**39 516 894,0**
	Соның ишинде	
1.1	Билимлендириў тараўы	27 236 894,0
	улыўма билим бериў	27 236 894,0
	кадрлар таярлаў	
1.2	Ден саўлықты сақлаў тараўы	11 070 441,0
1.3	Мәденият хәм спорт, ғалаба хабар қураллары мәденият	1 183 091,0
	спорт	287 816,0
1.4	Пән	895 275,0
1.5	Социаллық тәмийинлеў тараўы	
1.6	Көп балалы хәм кем тәмийинленген шаңарақларға напақа пулы кем тәмийинленген шаңарақларға материаллық жәрдем 2 жасқа шекемги балалар күтиминдеги аналар напақасы жасы 14 жасқа жетпеген балалары бар шаңарақларға напақалар	
1.7	Социаллық бейимлестириў орайлары	26 864,0
2.	**Экономика қәрежетлери**	**3 253 201,0**
	Соның ишинде:	
2.1	Аўыл хожалығы министрлигине қараслы мәкемелерге	266 698,0
2.2	Абаданластырыў қәрежетлери	2 986 503,0
3.	**Орайласқан инвестицияларды қаржландырыў қарежетлери**	
4.	**Мәмлекетлик хәкимшилик, басқарыў хәм суд уйымларын сақлаў қәрежетлери**	**1 453 542,0**
	Соның ишинде:	
4.1	Мәмлекетлик хәкимият органлары	

4.2	Мәмлекетлик басқарыў уйымлары	1 453 542,0
5	**Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларын сақлаў қарежетлери**	**1 058 482,0**
6	**Сақлаў қоры**	**452 821,0**
7	**Басқа қәрежетлер**	
	Соның ишинде:	
7.1	Қорғаныў ҳуқықты қорғаў уйымларының жергиликли бюджеттен қарыжландырылатуғын қәрежетлер	